

**2- сүўрет.** Тамыр пайда етиў ҳәм егистен алдыңғы лимон қәлемшелери

Егилгеннен кейин өсимлик, өжире температурасындағы суў менен түбекше түбинен ағып шыққанша суўғарылады. Өсимлик суў менен бүркеледи ҳәм түбекшелер 10-12 күн кейин жақты жерге қойылады. Кейин оларды жәнe де жақтырақ жерге алып шығыў мүмкин. Суўғарыўда суў түбекшениң түбинен ағып кетпеў керек. Онда тесикти төменнен шаншыў жолы менен ашып қойыў, түбекшелерди болса ағаш тақташа үстине қойыў керек.

Егиўдиң барлық қағыйдаларына тийкарланып исленсе жақсы өсиў ҳәм раўажланыўды тәмийинлейди (2-сүўрет).

**Әдебиятлар**


1. Алексенко А.А. Лимоннинг хонада ўсиши. – Тошкент: Ўз. НИИНТИ, 1983, 4-б.
2. Выращивание лимона дома. / Журнал «Цветок». -М.: 2011, -С. 34-46.
3. Самоладас Т.Х. Лимонларни устириш. -М.: МСХ, 1981, 12-б.
4. Балтабаев М.Т., Ражабова С.К. Лимон өсимлигиниң биоморфологиялық өзгешеликлери. «Илим хәм жәмийет» 2015, № 2, 8-9-б.



**РЕЗЮМЕ**

Лимон уруғларини экиш, қаламчалаш ва пайвадлаш усули билан кўпайтириш мумкин. Уруғдан кўпайтирилса, жуда кеч мевага киради. Шунинг учун лимон кўпинча пайванд қилинади, у кейинчалик яхши ўсиб-ривожланмайди. Шу сабабли лимонни қаламчалаб кўпайтириш мақсадга мувофиқдир.

**РЕЗЮМЕ**

В домашних условиях лимон можно вырастить из черенка, семенами и прививками. Лимоны, выращенные из семян, поздно дают плоды. Поэтому их в большинстве случаев размножают прививками. Но в последствии они развиваются слабо. Учитывая это, целесообразно размножать лимоны черенками.

**SUMMARY**

Lemon is grown by seeds, cuttings and vaccinations. Propagated lemon seeds bear fruit later. In most cases, lemon is propagated by grafting, but in this case the plant develops slowly. The best way to grow a lemon is by cuttings.


## ARAL REGIONINDA EKOLOGIYALIQ QA`WIPSIZLIKTIN` ALDIN ALIWDIN` TIYKARLARI


**A.Jumamuratov** - *awıl xojalıg`ı ilimlerinin` doktorı, professor*
*A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı*
**B.A.Jumamuratova** - *oqıtıwshı*
*No`kis transport kolledji*



**Tayanch so'zlar**: Orol dengizi, ekologiya, atmosfera, er, suv, a`trof-muhit, ifloslanish, bartaraf qilish, hudud, himoya.

**Ключевые слова**: Аральское море, экология, атмосфера, земля, вода, окружающая среда, загрязнение, экологический кризис, зона, предотвращение, защита.

**Key words:** the Aral sea, ecology, atmosphere, ground, water, environement, pollution, ecological crisis, zone, prevention, protection.


2014-jıldın` ku'nleri 29-30 oktyabrinde Xorezm ha`m Qaraqalpaqstanda bolıp o`tken «Aral ten`izi regionındag`ı ekologiyalıq apatshılıqtın` aqıbetlerin jumsartıw boyınsha birge islesiwdi rawajlandırıw» atamasındag`ı xalıq aralıq konferentsiyanın` prezidentimiz İ.Karimovtın` basshılıg`ında sho`lkemlestiriliwi usı regionda jasap miynet etip atırg`an xalıqtın` ta`g`diri elimiz basshısının` dıqqat itibarda ekenliginin` birden bir da`lili bolıp esaplanadı. Bunnan basqada Xalıq aralıq birlesken milletler sho`lkeminde jasag`an bayanatlarında bolama onın` tiykarg'ı baslı maqseti, Aral mashqalası tek bir eldin` mashqalası emes, og`an usı regiondag`ı barlıq ma`mleketlerdin` qatnasıwı kerek dep bir neshshe ma`rte eskertip kiyatırıptı.

Bu'gingi ku'nde Aral regionındag`ı ekologiyalıq mashqalalardı u'yreniw, onın` aldın alıw, jumsartıw boyınsha ilim izertlew jumısların alıp barıp ko`plegen shet ellerdin` belgili jurnallarında maqalalar ja`riyalandı ha`m dawam etpekte. Aral regionı tez o`zgeretug`ın kontinental region bolıp, Aral ten`izi burın Sibirden kelgen suwıqtı ustap turatug`ın da`rwaza rolin atqarıp kelgen bolsa, ha`zir Sibirden kelgen suwıq birden o`tip kete beredi. Ekologiyalıq ıqlımnın` o`zgeriwine baylanıslı bul regionda keyingi jılları jıllıq temperaturanın` 2-3 gradusqa artıwı jerlerdin` tez kewip ketiwine, jer astındag`ı elementlerdin` parlanıw na`tiyjesinde jer betine shıg`ıp, shorlanıw da`rejesi ha`r jılı artpaqta. Sonın` ushın keyingi altı jıl dawamında Ma`mleketimiz ta`repinen 1 trillion 650 milliard sum qarjı jumsalıp O`zbekistan Respublikası boyınsha 1 million 750 mın` gektar jerlerdin` milleorativlik jag`dayları jaqsılandı.

2002-jılg`ı Kırg`ızıstan Xalıq aralıq ilimiy informatsiyalıq turaqlı rawajlanıw orayının` mag`lıwmatı boyınsha Aral qum dep atalg`an ken` maydannan jılına 75 mln. tonna shan` tozan` ko`terilip, ol ko`terilgen shan`lardın` bir bo`limi Pamir ha`m Tyan-Shan tawlarına barıp tu'sip 1152 muz shoqqıların eritip jibergen [1].

Keyingi jılları bir jılda tezligi 15 m/s tan aslam bolatug`ın shan`lı ku'nlerdin` o`sip baratırg`anlıg`ı bizdi ta`shwishke salmaqta. 2005- jılı 75 ku'n, sonın` 19 ku'ni ba`ha`rde, jazda 43, gu'zde 3, qısta 10 ku'ndi qurag`an bolsa, keyingi jılları 99 ku'ndi, sonın` ishinde qısta-11, ba`ha`rde-20, jazda-48 ha`m gu'zde-13 ku'ndi qurag`an [2].

Ekologiyalıq sistemanın` tiykarı bolg`an jer, suw, o`simlikler bolıp adamzattın` jasawının` tiykarları esaplanadı. Usı «jer-suw-o`simlik-haywanat-adam» sisteması bir-biri menen baylanıslı pu'tin sistema esaplanadı. Olar ortasındag`ı qatnaslar buzılg`an jer ekologiyalıq apatshılıq zonasına aylana beredi. Bulardın` tiykarın makro ha`m mikroelementler quraydı. Ko`p jıllıq elementlerdi u'yreniwdin` neytron aktivatsiyalıq usılları menen izertlewler boyınsha ayırım ximiyalıq elementlerdin` ko`beyip yamasa azayıp ketiwi ko`plegen awırıwlardı keltirip shıg`aradı. Jerlerdin` qunarlıg`ın kemeytedi, o'simliklerdin` rawajlanıwın ha`m o`nimdarlıg`ın pa`seytedi. Bizge ma`lim Aral ten`izinin` qurıp ketiwi menen ol jerde neshshe mın` jıllar dawamında suw menen kelgen elementler solardın` ishinde duzlı elementler ha`zirgi ku'nde shamal menen ushıp jerlerdi pataslamaqta. Sog`an qosımsha A`miwda'rya suwının` qıstın` ku'nleri izeykesh suwları menen pataslanıp keliwi ekosistemag`a ju'da` ko`p ta`sirin tiygizbekte. Biz bular boyınsha ko`plegen mag`lıwmatlarg`a iyemiz. Jıl ma`wsimindegi A`miwda'rya suwının` elementlik quramın u'yrengende qıs ha`m ba`ha`r aylarında pataslanıw da`rejesi anag`urlım joqarı ekenligin bayqaymız. Sonın` menen birge topıraq quramında marganets elementinin` jetispewshiligi paxtanın` o`nimdarlıg`ına ku'shli ta`sir etip onın` o`nimdarlıg`ı gektarına 15-20 tsentnerden aspaytugınlıg`ı bizler ta`repinen da`lillengen. Ko`plegen izertlewler boyınsha topıraqta kaliy elementinin` jetispewshiligi bayqalmaqta. Bul tiykarg`ı azıqlıq elementlerdin` biri esaplanadı. Keyingi jıllarda kaliyli to`ginlerdin` Respublikamızda az islep shıg`arılıwı azayıwına baylanıslı egislik jerlerge kaliyli to`ginler az mug`darda berilip jerdegi kaliy elementleri azayıp ketken. Basqada elementler tuwralı ko`plegen mag`lıwmatlardı beriw mu'mkin.

Qa'nigelerdin' mag'lıwmatlarına qarag'anda, ha'r jılı respublikanın' atmosfera hawasına 4 mln.t.g'a jaqın zıyanlı zatlar qosılmaqta. Solardın' yarımı uglerod oksidine tuwra keledi. 15% in uglevodorod shıg'ındıları, 14 % altın ku'kirt qos oksidi, 9%

azot oksidi, 8% in qattı zatlar quraydı ha'm 4% ke jaqını o'zine ta'n o'tkir za'h'a'rli zatlarg'a tuwra keledi.

Atmosferada uglerod jıyındısının' ko'beyip barıwı na'tiyjesinde o'zine ta'n ken' ko'lemdegi jıllı "uy effekti" ju'zege keledi. Aqıbette jer hawasının' ortasha temperaturası artıp ketpekte. Respublikada tez-tez shan' boranlardın' qozg'atıp turıwshı atmosferanı shan' tozan'g'a orawshı Qaraqum saxraları bar. Son'g'ı 10 jıl dawamında Aral ten'izinin' quwrap barıwı sebepli shan' ha'm duz ko'shetug'ın ja'ne bir ta'biyiy derek payda boldı. 80-jıllardın' baslarında qon'sı Ta'jikistanda alyuminiy zavodı iske tu'siwi menen O'zbekistannın' Surxanda'rya walayatına qaraslı ko'p rayonlarda ekologiyalıq ta'repten nashar ahwal ju'zege keldi. Zavod atmosferag'a ko'p mug'darda ftorlı vodorod, uglerod oksidi, altın ku'kirt gazı, azot oksidlerin ıg'armaqta. Zavod shıg'ındıları Sarı Aziya, Denov, Uzui, Altınsay rayonları zonasında tarqalmaqta. Bizge malim insannın' o'miri ko'p ta'repten dem alıp atırg'an hawanın' quramı tazalıq da'rejesine tikkeley baylanıslı. Atmosfera hawasının' pataslanıwı adam organizminin' tu'rli kesellikler menen ayırıwna alıp keledi. O'zbekistanda Atmosfera hawasına shıg'arılıp atırg'an tu'rli shıg'ındılar 80-jıllardın' ortalarına qarag'anda azayıw bag'ıtında bolıwına qaramastan ele de joqarı ko'rsetkishlerdi quraydı. 1985-jılda ja'mi shıg'ındılardın' mug'darı 4,2 mln.t qurag'an halda 1994-jıl bul tsifr 2,4 mln. t g'a shekem azaydı. Bul ta'repten sanaat ka'rxanalarınan 1,5 mln.t dan 0,9 mln.t g'a shekem qısqardı, transporttan shıqqan pataslawshı zatlar bolsa 2,7 dan 1,4 mln.g'a azaydı. Bul shıg'ındılardın' azıraq shıg'arılıwı, ka'rxana trubalarına tu'rli konstruktsiyalardag'ı gaz ha'm shan'dı uslap qalıwshı ha'mde tazalawshı maslamalardın' ornatılıwı ha'm barlarının' na'tiyjeliligin asırıwg'a sebep boldı.

Respublikada 1992-jılda ja'mi uslap qalıng'an ha'm zıyansızlandırılg'an texnogen shıg'ındılar mug'darı 1985-jılg'a salıstırg'anda 6% ke artqan, yag'nıy 1985-jılda barlıq shıg'ındılardın' 65% uslap qalıp zıyansızlandırılg'an bolsa, 1992-jılda bul mug'dar 71% quraydı. Biraq, Nawayı walayatında 1992-jılda uslap qalıng'an ha'm zıyansızlandırılg'an shıg'ındılar mug'darı derlik 91%. Tashkent walayatında 9%, Samarqandta 75,1% qurag'an halda Buxara, Qashqadarya, Sırda'rya walayatlarında 18,8% ten 34,2 ge shekem boldı. Hawanı pataslandırıwda birinshi orında Almalıq 145 mın' t. keyingi orınlarda Angren 12,2; Fergana 68,8; Qarshi 73,4; Nawayı 57,9; Jizzah 24,8; Tashkent 23,2; Chirchiq 21,9; Bekabad 15,1 ha'm basqalar turadı. Hawag'a shıg'arılıp atırg'an shıg'ındılardın' u'lken bo'legi altın ku'kirt angidridi, azot oksidi, uglerod oksidi, uglevodorod, ushıwshı oraganikalıq birikpelerden ibarat [3].

Avtomobil transportı atmosfera hawasın ha'mmeden de ko'birek pataslaydı, sebebi avtomobil ha'reketi adamlar ko'p toplanatug'ın qala, awıl, u'lken jollarda ko'p boldı. Avtomobil svetoforlı kesilispelerde, mashina ju'da' a'ste ha'm ju'da' tez h'a'reket qılg'anda shıg'ındılardı ko'birek shıg'aradı. Sonın' menen birge avtomobil transportınan shıg'ıp atırg'an shıg'ındılardın' mug'darı derlik azaymay atır.

Hawanın' pataslanıwı protsessleri haqqındag'ı joqarıdag'ı mag'lıwmatlar O'zbekistan gidrometerologiya bas basqarması qa'nigeleri ta'repinen tu'rli xalıq jasaw orınlarında ma'lim waqıtlarında o'lshew jumısları na'tiyjesinde toplang'an mag'lıwmat. Ayırım waqıtları birden ko'p mug'darda shıg'ındı shıg'arıp jiberiw halları da boladı. Bunday shıg'ındılar shıg'arıw hesh jerde anıqlanbag'an. Sonın' ushın da hawanın' pataslanıw da'rejesi geypara waqıtları sanitariya normasınan ko'birek bolıwı mu'mkin. Bul jag'day shan' ha'm zıyanlı gazlerdi tutıp qalıwshı tazalawshı u'skenelerdin' buzılıp qalıwı, ka'rxanada buzılıw ha'diyselerinin' ju'z beriwi, islep shıg'arıw rejesin tezde ha'm ko'birek ko'lemde atqarıw menen baylanıslı boladı. Avtomobil transport shıg'ındılarının' mug'darın anıq esapqa alıw da qıyın.

Ekologiyag'a salınıp atırg'an qa'wip O'zbekistan ushın, ulıwma pu'tkil Oraylıq Aziya regionı ushın, ju'da' joqarı ekenligi esapqa alıng'an halda, ma'mleketimiz qorshag'an ortalıqtı qorg'aw, ta'biyiy resurslardan aqılg'a muwapıq paydalanıw ma'selesine u'lken itibar bermekte. Bul barada nızam hu'jjetleri qabıl qılındı. O'zbekistan respublikasının' ta'biyattı qorg'aw barısındag'ı milliy ilajları basqa ma'mleket ha'm xalıq-aralıq sho'lkemler menen ha'r ta'repleme birge islesiw tiykarında qosılıp alıp barılmaqta.

Qorshag'an ortalıq qorg'awın ha'm ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıwdın' tu'rli ta'replerin ta'rtipke salıp turıwshı ha'r qıylı xalıq aralıq sha'rtnamalar du'zildi. O'zbekistan respublikasında qorshag'an ortalıqtı qorg'aw ha'm ta'biyiy resurslardan aqılg'a muwapıq paydalanıw boyınsha 2005-jılg'a shekem go'zlengen ma'mleket bag'darlaması islep shıg'ılg'an bolıp, ta'biyattan aqılg'a muwapıq paydalanıw ha'm onı qorg'aw tarawındag'ı pu'tkil iskerlik ja'ne usı bag'darlama tiykarında sho'lkemlestirilgen.

Ekologiyalıq qa'wipsizlikti ku'sheyttiriwdin' ha'zirgi tiykarg'ı bag'darları to'mendegilerden ibarat;

1. Tiyisli texnologiyalardı islep shıg'ıw ha'm a'melge asırıw. Awıl tog'ay ha'm basqa xojalıq tarmaqlarındag'ı ta'biyiy protsesslerdin' keskin buzılıwına alıp keletug'ın ha'mme za'ha'rli ximiyalıq zatlardı qollaw u'stinen qatan' baqlaw ornatıw.

2.Hawa ha'm suw ortalıg'ın insannın' tirishilik iskerligi ushın zıyanlı yamasa keri ta'sir etetug'ın zatlar menen pataslanıwın toqtatıw.

3. Janlı ta'biyattın' pu'tkil ta'biyiy genofonlın ma'deniy eginler ha'm haywanlardın' jan'a tu'rlerin ko'beyttiriw esabına baslang'ısh baza sıpatında saqlap qalıw kerek.

4. Qalasızlıq ha'm rayonlardı rejelestiriwdin' ilimiy tiykarlang'an, ha'zirgi zaman urbanizatsiyasının' barlıq unamsız aqıbetlerin joq etetug'ın sistemanı engiziw jolı menen xalıqtın' jasawı ushın qolay jag'day jaratıw.

5. Ekologiyalıq apatshılıq shegara bilmesligin na'zerde tutqan halda du'nya ja'miyetshiligi itibarın regionnın' ekologiyalıq mashqalalarına qaratıw kerek. Aral mashqalası bu'gingi ku'nde pu'tkil planetamızg'a baylanıslı mashqala bolıp qalg'anlıg'ın, onın' ta'siri ha'zirdin' o'zinde-aq biologiyalıq ten' salmaqlılıqtı buzıp atırg'anlıg'ın na'zerde tutıw lazım.

Xalıq aralıq sistemalardın' zapasları, imkaniyatları ha'm investitsiyaların a'ne usı mashqalalardı sheshiwge qaratıw birinshi da'rejeli wazıypa dep biliw kerek.

Bul o'tkerilgen xalıq aralıq konferentsiya Aral mashqalasın sheshiw boyınsha du'nya xalıqlarının` dıqqat itibarın o`zine tartadı, ilimiy jumıslardın`, a`meliy ja`rdemlerdin` bunnan bılayda jaqsılanıwınan ko`plegen umitler ku'tip qaladı.

**A'debiyatlar**

1. Lelevkin V.M. O rabote Kırgızskogo otdeleniya nauchno-informatsionnogo tsentra Mejgosudarstvennıy komissii po ustoychivomu razvitiyu.// Problemı osvoeniya pustın`. –Ashxabad: 2002, №1, 57-58-b.

2. Jumamuratov A. Neytronno-aktivatsionnıy metod v izuchenii geoximicheskogo i agroximicheskogo sostoyaniya oroshaemıx pochv Priaral`ya i puti ego uluchsheniya. Dok.diss. -Toshkent: 2011.

3. Birlashgan Millatlar Tashkilotining İqlim wzgarishi bwyicha ramkaviy konventsiyasi bwyicha Uzbekiston Respublikasining Birinchi Milliy axboroti. –Toshkent: 1999.

**REZYUME**

Maqolada Orolbo'yi ekologik inqirozi oqibatlari yoritilgan. Unda Orol ofatchiligining xalq xo'jaligiga etkazgan zararlari natijalari bayon qilinadi. Maqola muallifi Orol fojiasi oqibatlarini bartaraf qilish yo'nalishlari bo'yicha oz qarashlarini taklif qiladi.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается актуальному вопросу-проблеме предотвращения экологического кризиса в зоне Аральского региона. Приводятся важные данные, характеризующие экологический кризис в Аральском регионе. Автор статьи также описывает основные направления по установлению экологической безопасности в регионе.

**SUMMARY**

The article deals with one of the actual problems – the prevention of ecological crisis in the zone of the Aral seaside. The author of the article gives some important information characterizing the ecological crisis in the region of the Aral seaside. There is the description of the main trends in the establishment of ecological security in the region.